

CONFERENCE DES EVEQUES CATHOLIQUES DU BURUNDI

Secrétariat Général

ITANGAZO RISOZERA INAMA Y'ABEPISKUPI GATOLIKA B'I BURUNDI YO MURI KIGARAMA

1. Kuvakw'igenekerezorya 9 gushikakurya 11 z'ukukwezikwa Kigarama 2015, Inama y'Abepiskopi Gatolikab'i Burundi yarakoranye mu nama yayoisanzweyo muri Kigarama. Iyo nama yakoranye Abepiskopi baraye buguruye icese Umwaka Mweranda udasanze w'Ikigongwe c'Imana, ku Kirimba c'Umuvyeyi wacu Bikira Mariya i Mugeru, aho abakristu isinzi n'isinzi bava mu madiyoseze yose yo mu Burundi, bari basidukanye n'iyonka. Abepiskopi baboneyeho gusubira gushimira cane abakristu bashoboye kwitaba urwo rubanza rweranda.
2. Mu bikurubikuru vyihwejwe muri iyo Nama, Abungere b'Ekleziya babanje guhanahana amakuru yo mu madiyoseze be n'inyifato yoranga Ekleziya mu butumwa bwayo ufatiye ku bihe turimwo; baca bararabira hamwe ibikorwa bazorangurwa muri uno Mwaka Mweranda udasanze w'impuhwe z'Imana. Ntibabagiye n'ugufata akanya ko kwumva mu ncamake ivyavuye mu Nama y'Umuryango w'Ekleziya, iherutse kubera i Roma yerekeye ingo. Hari hanateganijwe ko bokwihweza ivyerekeye Ingingo ya Papa Fransisiko igenga imanza z'ugutohuza ivy'Ubugeni bwabaye impfagusa muri Ekleziya. Ico gikorwa mugabo, barakiraje, k'ukubura umwanya.
3. Abepiskopi bamaze kwihweza ingene ibintu vyifashe mu madiyoseze barongoye no mu gihugu, basanze hariho bimwebimwe biraje ishingira Ekleziya. Ica mbere ni uko biboneka ko mu gihugu hariho abantu bahisemwo inzira y'ingwano. Ivyo biribonekeza canecane mu gisagara ca Bujumbura, aho mbere Abepiskopi bagira basozere inama yabo, bumvise ko ibara ryaraye risubiye kugwa, abantu bakicana. Kuri ico rero, Abepiskopi barasubiye kwibutsa ko Ekleziya yamye yiyamiriza inzira zose z'ingwano, kuko mu maso yayo ata ngwano n'imwe ari nziza. Inzira iriho y'uguheza ibibazo kandi batahengeshanije guhanura, ni iy'ibiganiro vy'ukuri bigizwe n'abashamiranye, kuko ibiganiro bikenewe ubu, ni cane cane ivy'abafise ivyo bapfa, ari vyo biriko biratuma igihugu kiguma mu ruhagarara. N'ubu rero aho ni ho bahagaze, naho babandanya bakorana n'inzege zihari. Kubera ivyo vyashitse, baboneyeho guhoza abandanya baburira muri uru rwimo, birateye agahinda, babandanya babasabira ngo Imana ibakire iwayo.
4. Ica kabiri gihagaritse umutima, ni ubukene bwugarije abanyagihugu kubera ihindagurika ry'ibihe rituma hamwe hagwa imvura y'umurenge igaca yonona imirima, ahandi naho hakarangwa uruzuba rwinshi. Ariko kandi ubwo bukene bugaterwa n'uruhagarara ruri mu gisagara ca Bujumbura, ivyo bigatuma abantu batacikenura nkuko bikwiye, imirimo imwimwe igakorwa nabinabi, ibiciro bikaduga ku masoko. Ingingo nyinshi z'urutavanako zerekeye ubutunzi mu gihugu zirerekana ko igihugu kirimwo kiragera habi, kubera ko ata n'imfashanyo zikiboneka ngo zisahirize igihugu. Twosaba ko abo vyega boraba icokorwa vuba bwango, ngo bakure mu kayira ibituma vy'aka kaga, gurtyo igihugu gisubire kunaganaga, turabe ko ubukene bwogabanuka.
5. Ica gatatu kiraje ishingira Ekleziya ni ikibazo c'impunzi n'aho igitigiri c'abahunga ubu cagabanutse, ico kibazo ni inkoramutima, kuko abahunze benshi baracagorewe mu buhungiro. Umwepiskopi ashinzwe ubwo butumwa mu nama y'Abepiskopi, yaramenyeshesheje bagenziwe ko amaze kuza kuramutsa impunzi zimwezimwe, kw'izina ry'Ekleziya, arabaremesha uko yashobora. Ariko murumva ivyo ntibikwiye. Abepiskopi bagaruka ha handi bati: birihutirwa nyabuna ko uruhagarara rwohera, abashamiranye bakwumvikana, abantu bagataha iwabo, kuko uko biba kwose, nta buhirwe bwo mu buhungiro.

6. Mu mashure naho, Abepiskopi bararajwe ishingira n'uko mu mashure amw'amwe, ata bigisha bakwiye bariho: abanyeshure baratonda mugabo bakabura ababigisha kubera ko abigisha bamwe bahunze igihugu, ahandi naho nta bashasha binjijwe mu kazi, kukubera nyene ubukene bwa Leta, kuko abagomba akazi bariho. Amakenga rero ni ay'uko mu myaka iri imbere, igihugu gihakwa gusanga gifise abantu bibwira ko bize, ariko batagira indero n'ubumenyi vy'uwize.
7. Mu vyerekeye inyifato yoranga Ekleziya mu bihe turimwo, Abepiskopi baribukaniye ivyo bamaze gushikiriza mu nyigisho zagiye ziratangwa mu misi iheze, barabona ko bozishimangira, bakongera bakibutsa inyifato yoranga abasaseredoti, abihebeyimana n'abalayike. Bigiriye inama y'uko Umwepiskopi wese mw'idiyoseze iwe, azorondera akaryo keza ko gushikiriza umugwi umw'umwe ibiwerekeye, baba abasaseredoti, abihebeyimana canke abakristu balayike. Hari kimwe gusa bashimye ko coba kiribukijwe muri rusangi: ni uko twokwitwararika guhimbaza neza amasabamana hisunzwe amategeko n'ingendo biranga Ekleziya yose, kugira ngo twirinde ibitera amakenga n'ibijuragiza abakristu. Ivyo twokeburanako, ni nko ku vyerekeye abasaseredoti bamwe bamwe biha uburenganzira bw'ugutanga amajambo mu nkuka y'imisa no mu masengeru, kandi bazi neza ko ivyo biciye kubiri n'indinganizo y'amasabamana muri Ekleziya gatorika nzima.
8. Ku biraba naho ihimbazwa ry'Umwaka wa Yubile idasanzwe y'ikigongwe c'Imana, barihweje ikirangamisi gitegekaniywe ku rwego rw'Ekleziya ikwiye kw'isi yose, baca na bo barashinga ikirangamisi kizokurikizwa muri Ekleziya y'i Burundi. Na none vyinshi ni ibizokorwa ku rwego rwa Diyoseze imw'imwe. Umwepiskopi wese akazoheza amenyesha Abakristu ayoboye ingene muri Diyoseze yiwe Umwaka Mweranda udasanzwe w'ikigongwe c'Imana uzohimbazwa. Ariko, nk'uko iyo Yubile y'Umwaka udasanzwe w'ikigongwe c'Imana bayugururiye hamwe, i Mugera, kw'igenekerezo rya 8 Kigarama 2015, ni ko kandi Abepiskopi bipfuzaga kuzoyisozerera hamwe, bari nko ku Kirimba ca Bikira Mariya ku Musozi wa Gikungu i Bujumbura, igenekerezo rya 20 Munyonyo 2016.
9. Ku biraba Inama y'Abepiskopi yabereye i Rome yerekeye ingo n'imiryango, Umwepiskopi yari yabaserukiye yarashikirije bagenziwe incamake y'ivyavuzwe muri iyo Nama kandi bishobora kuba ingirakamaro mu butumwa bw'ingo ngaha iwacu. Yaribukije ko Papa yamaze gufata ingingo yoroshya imanza z'ugutohoza ubugeni bwabaye impfagusa, kugira ngo babohore abitwa ko bari barubatse rukristu kandi atari vyo. Aramenyesha kandi ko Papa nyene mu gusozera iyo Nama yaciye atangaza ko mu ndinganizo z'ibisata bimufasha kuyobora Ekleziya, hagiye gushingwa igisata c'Ingo n'abalayike. Bisunze intumbero n'umwanzuro w'iyo Nama, Abepiskopi barabona ko Ekleziya y'i Burundi yohinyanyura inyifato yayo mu butumwa bwerekeye ingo n'imiryango, ku buryo abahukanye batosubira kwumva ko barabwa nk'ibicibwa muri Ekleziya, ahubwo bobona ko bitwararitswe kandi bafashwa kuko baguma ari ab'Ekleziya, kandi bakundwa n'Imana.
10. Hari n'utuntu n'utundi Abepiskopi barabiye hamwe twerekeye ubuzima n'ubutumwa bwa misi yose. Mugabo ibikuru bikuru ni ivyo. Abepiskopi bakaba baboneyeho kuba baripfuriye igihugu c'Imana n'abarundi bose, Noheli nziza n'Umwaka muhire, uze uduhe kujabuka uru ruhagarara turimwo, abashamiranye baje inama n'ingingo; abarundi n'ababubamwo bose bumve ko batekaniye kandi ko babanye mu mahoro. Ntihabe hakivugwa induru n'ingwano ku murambi w'Umukama, kandi n'ubukene bugabanuke, abantu baronke ico biha n'ico basagurira abandi. Ng'iyoyi imihzagiro ya Noheli n'iy'umwaka mushasha. Murakoze.

Bigiriye i Gitega, ku wa 11 Kigarama 2015

✠Gerevazi BANSHIMIYUBUSA

Umwepiskopi w'i Ngozi akaba

n'Umukuru w'Inama y'Abepiskopi Gatolika b'i Burundi